



Haitian Creole Edition
Grade 5 Mathematics, Book 2
Sample Test 2005

Matematik
Liv 2

Ane **5**

Egzanp Egzamen 2005

Non _____

KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou yo.

27

Sherise fè djoging twa jou pa semenn. Tablo ki anba a montre sou ki distans li fè djoging chak jou.

TI KANÈ NÒT DJOGING SHERISE

Jour	Distans (an mil)
1	$5\frac{3}{10}$
2	$4\frac{1}{10}$
3	$6\frac{3}{10}$

Pati A

Ki distans total an mil Sherise fè djoging chak semenn?

Montre travay ou.

Repons _____ mil

Pati B

Chak semenn, Reggie fè djoging sou $3\frac{4}{10}$ mil an mwens pase Sherise. Ki distans total an mil Reggie fè djoging chak semenn?

Montre travay ou.

Repons _____ mil

Kontinye

Juanita vann tikè konsè lekòl la ant 1:00 P.M. ak 5:00 P.M. Tablo ki anba a montre kantite total tikè li te vann nan kòmansman chak èdtan.


GRAFİK LAVANT

Tan	Tikè ki Vann
1:00	0
2:00	27
3:00	34
4:00	45
5:00	60

Sèvi ak done ki nan tablo a pou trase yon graf lineyè ki montre lavant kantite total tikè pou chak èdtan.

Asire ou

- mete tit nan graf la
- mete lejann sou toulède aks yo
- trase graf la avèk tout done yo
- bay yon echèl pou graf la



Ant ki de èdtan pifò tikè yo te vann?

Repons _____


Kontinye

29



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Mezire kote figi ki anba a epi awondi pou rive nan santimèt ki pi pre a. Mete lejann sou longè chak kote.







Ki perimèt figi a?

Repons _____ santimèt

30

Kèk kwadrilatè anba gen kote ki paralèl.

**A****B****C****D****E****F****Pati A**

Ki kwadrilatè ki genyen 2 pè kote paralèl?

Repons _____**Pati B**

Ki menm non pou ansanm kwadrilatè ki genyen 2 pè kote ki paralèl?

Repons _____**Pati C**

Ki menm non pou ansanm kwadrilatè ki genyen 2 pè ang dwa?

Repons _____***Kontinye***

31



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.
Nan espas ki anba a, trase yon ang ki mezire 50° .



Ki kalite ang ou trase a?

Repons _____

Pati A

Sou kadriyaj ki anba a, onbre kantite kare kòrèk la pou reprezante chif desimal 1,47.

Chak griy = 1 antye

**Pati B**

Sou liy ki anba a, ekri chif desimal sa yo nan lòd ki kòmanse depi **pi piti** pou rive nan **pi gran**.

1,74

1,47


1,7

Repons _____

Kontinye

33

Pwen sou dwat nimerik ki anba a montre pozisyon kat fraksyon.



Bife chak kaz sou dwat nimerik la ki genyen fraksyon kòrèk anba a.

$$\frac{1}{2} \quad \frac{1}{10} \quad \frac{1}{5} \quad \frac{1}{3}$$

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te decide kote pou mete fraksyon yo.

34

Samdi pase, twa elèv t ap keyi pòm nan yon vèje. Tablo ki anba a montre kantite total panye pòm chak elèv te keyi.

PANYE PÒM

Elèv	Kantite Panye
Marie	4,25
Sarah	3,75
Lance	5,5

Pati A

Apeprè ki kantite total panye pòm elèv yo te keyi?

Estimasyon _____ panye

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te estime kantite total panye yo.

Pati B

Chak panye Lance te genyen 19 pòm. Apeprè ki kantite total pòm Lance te keyi?

Estimasyon _____ pòm

RETE LA



Ane 5
Matematik
Liv 2
Egzanp Egzamen 2005

The McGraw-Hill Companies